ФИ ФIЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№212 (22.870) ● 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Комиссэхэм

Къалэнхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ IуэхущIапIэхэм я зэдай республикэ комиссэм и зэIущIэ зыубгъуа жэпуэгъуэм и 16-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ. Абы щызэхалъхьэжащ щIыпIэхэм къабзагъэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ мазибгъу кIуам зэфIагъэкIахэр.

КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, республикэ комиссэм и унафэщI **Газаев Мухътар** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ мазих и пэкIэ зэхэта зэIущIэм мы Iуэхум ткIийуэ щытепсэлъыхьауэ зэрыщытар.

- Абы лъандэрэ лэжьыгъэ пыухыкIа зэфIэгъэкIа хъуащ, гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным щIыпIэхэм нэрылъагъуу щогугъу, санитар щытыкIэр хэпщIыкIыу йофIакIуэ, арами, дяпэкIэ къытпэщыт къалэнышхуэхэм етлъытмэ, гъунэ итлъа къудейуэ аращ. Нэхъапэхэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщу къалъытэну дыхуеймэ, зэуIуу икIи зэпымыууэ абы дегугъупхъэщ, - къигъэлъэгъуащ Газаев Мухътар.

ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министрым и къуэдзэ **Коновалов Олег** зэрыжиIамкIэ, туризмэм, щеIэзэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ курортхэмрэ щIыпIэхэмрэ республикэм лъэщу зыщрагъэужьыну я мурадщ.

- Къэрал властым и къудамэхэми, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэми, республикэм и жылагъуэ организацэхэми абы къалэнышхуэ къытщещI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къызэригъэувам тету, муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар-экологие щытыкIэр мазищ къэс комиссэм къепщытэ къабзагъэм пыщIа Iуэхугъуэхэр идогъэкIуэкI. Жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыным, щхъуантIагъэхэр хэсэным теухуа мазитI лэжьыгъэм хыхьэу, гектар 5243-рэ ягъэкъэбзащ, гъуэгубгъухэм декIуэкI мэз кусэу километр 712-м кIэрыхубжьэрыхухэр щызэщIакъуащ, жыгрэ чыцэу 9200-рэ хасащ. Прохладнэ къалэ округым, Шэрэдж, Лэскэн, Прохладнэ муниципальнэ районхэм а Iуэхур нэхъ жыджэру щрагъэкIуэкI. Аруан куей администрацэм и жэрдэмкIэ, Къэхъун къуажэм и Iэшэлъашэм гектарихым щIигъу щызэлъыIуахащ, кIэрыхубжьэрыхуу тонн мин 24-м нэблагъэ Iурагъэшащ, пхъэнкIий зэхуэхьэсыпIэ (бункер) яухуащ. НэгъуэщI жылагъуэхэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкI. Налшык къалэ округымрэ Аруан районымрэ я администрацэхэм Мысостей къуажэбгъум гектар пщыкIуз щызыубыд куей зэхуаку пхъэнкIий идзыпIэр зыхуей хуагъэзащ. КIэрыхубжьэрыхум щелэжьыну завод Прохладнэ районым щаухуэнущ, куей администрацэмрэ «Новотэксервис» ООО-мрэ абы теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ, - къигъэлъэгъуащ министрым и къуэдзэм. Мазибгъум кърихубыдэу санитар-экологие хабзэхэр къызэпызыуда зэранщIакIуэу 165-рэ, зыхуэзэм деж пхъэнкIийр щизыдзауэ 174-рэ административнэ жэуапым етшэлIащ, сом мин 600-м щIигъукIэ детхьэкъуащ. ЗэхуэхьэсыпIэхэр зэрымащIэм къыхэкIыу, Нартан, Налшык, Шэджэм, Бахъсэн, Шэрэдж, Балъкъ псыхъуэхэм пхъэнкIийр дакIутэ.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, къабзагъэм пыщIа хабзэхэр щIыпIэхэм нэгъэсауэ щагъэзащIэркъым. Псалъэм папщIэ, пхъэнкIий идзыпIэхэм проект тхылъхэр яIэкъым, зыхуэдэ щIыпIэхэр санитар-гигиенэ, экологие пщалъэхэм къитIасэркъым.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэр щызэпкърихым, ар къытеувыIащ гугъуехьхэр нэхъыбэу къызыхэкI щхьэусыгъуэхэмрэ ахэр гъэмэщIэнымкIэ къэгъэсэбэпын хуейуэ къилъытэ хэкIыпIэхэмрэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ и полицэм и унафэщIым и къалэнхэр езыхьэкI **Ащхъуэт Аслъэн** къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ республикэм санитар-экологие щытыкIэр щегъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм теухуауэ 2013 гъэм гъатхэпэм и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къищта Унафэ №97-ПП-р гъэзэщIэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм. Район, къуажэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр ящIыгъуу къэпщытэныгъэу (рейду) 150-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ, къуаншэхэм яхуэгъэзауэ административнэ Iуэхуу 218-рэ къызэIуахащ, зэранщIакIуэу 138-рэ жэуапым ирашэлIащ.

- ЦIыхухэм я зэхэщIыкIым, яхэлъ гудзакъэм куэд елъытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къабзагъэр къызыфIэмыIуэхухэр, абы и мыхьэнэр къизымыдзэхэр мащIэкъым. Абы къыхэкIыу, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, щIыуэпс гъэтIылъыгъэхэр хъумэн, гъэбэгъуэн зэрыхуейм теухуа дерсхэр жылагъуэхэм къыщызыдогъэпэщ, ныбжьыщIэхэр экологие щэнхабзэм хыдогъэгъуазэ. А Iуэхум зедгъэубгъу зэпытщ, - къигъэлъэгъуащ Ащхъуэт Аслъэн.

Республикэм и къуажэхэм я санитар щытыкIэмрэ псы гъэкъэбзапIэ ухуэныгъэхэр зыхуэдэмрэ я гугъу щищIым, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къыхузэгъэпэщынымкIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Бэракъ Ринат** къыхигъэщащ унафэ зытещIыхьыпхъэ щыщIэныгъэ куэд зэрызэтрихьар. Унагъуэхэм я кIэрыхубжьэрэху пкъыгъуэ быдэхэр зэуIуу зэрыдаш Iэмалыр жылагъуэхэм я зэхуэдитIым къыщагъэсэбэпыркъым. Зэхуахьэс пхъэнкIийр здахьынур ящIэркъым, куэншыбыр яфIызэтрехьэри, гъуэгубгъухэм щрадз, псыхъуэхэм дакIутэ. КъищынэмыщIауэ, а Iуэхум хухаха е хухах щIыпIэхэм я щытыкIэм, ахэр зэрызэрахьэм муниципалитетхэр тэмэму кIэлъыплъыркъым. Къэпсэлъам къызэрилъытэмкIэ, кIэрыхубжьэрыху зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхадзыну заводхэр ухуэныр гъэтIылъыпIэ зимыIэ къалэнхэм ящыщщ.

- Псы гъэкъэбзапIэ ухуэныгъэхэр жыы хъуащ, апхуэдэу республикэм щыIэ псори къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын хуейщ. Зы псалъэу жытIэнщи, зи къалэным пэлъэщ яхэтыжкъым, - жиIащ Бэракъ Ринат.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэр щызэхилъхьэжым, Газаев Мухътар къыхигъэщащ республикэм и экологие, и санитар-эпидемиологие щытыкIэр егъэфIэкIуэным, унагъуэхэмрэ IэнатIэхэмрэ я кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдаш, зэрахъумэ, къызэрагъэсэбэп щIыкIэм хабзэ хэлъхьэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщытыр, а Iуэхур гъэхуауэ зэгъэуIуным дяпэкIэ я къарур хуаунэтIын зэрыхуейр.

Зытепсэлъыхьахэмрэ къыхалъхьа чэнджэщхэмрэ протокол унафэкIэ къащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ къалэ, район, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, кIэрыхубжьэрыхухэр зэхуэзыхьэс, дэзыш предприятэхэм я унафэщIхэр, ирагъэблэгъа IэщIагъэлIхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● ЗэIущIэхэр

Кавказ Ищхъэрэм и щIыпIэ телъыджэхэр зрагъэлъагъу

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм и хэщIапIэм жэпуэгъуэм и 20-м щекIуэкIащ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм къэрал кIуэцI туризмэм зыщегъэужьыным блогерхэм щагъэзащIэ мыхьэнэр» зыфIаща конференц. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, журналистхэр, блогерхэр, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компанием и унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭХЫХЬЭМ щызэхалъхьэжащ «Кавказым и телъыджалъэхэр» проектым и кIэух Iыхьэм кърикIуахэр. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратыр и щIэгъэкъуэну мы Iуэхугъуэр къызэрагъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэм и ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэгухьэныгъэм, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм. Ар иригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и туроператорхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Раджабов Алий.

- КъызэрыщыткIухьа махуищым и кIуэцIкIэ, дахагъэ и лъэныкъуэкIэ фи республикэм щытлъэгъуахэр апхуэдизкIэ узэщIэзышэщи, къэIуэтэжыгъуафIэкъым, - жиIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м, жылагъуэм хуаIэ запыщIэныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщI Битковэ Райфэ. - ДэркIэ гурыIуэгъуэщ мы хэгъуэгуми, зэрыщыту къатщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэми туризмэм зыщегъэужьынымкIэ хэкIыпIэфIхэр зэрыщыIэр. Мы иджырей ди зыплъыхьакIуэр къызыхуэтыншэу къызэрызэрагъэпэщамкIэ хэгъэрейхэм фIыщIэ ин яхудощI. Жылагъуэм и нобэрей гъащIэм наIуэу къыхыхьэ блогер зэщIэхъееныгъэм и мыхьэнэр инщ. Дэ тщIыгъуащ туризмэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къэгъэлъэгъуэным хуэIэижь журналистхэмрэ сурэттеххэмрэ. Ахэр хущIэкъуащ къыщыткIухьа щIыпIэхэр удээзыхьэхыу, щIэщыгъуэу я IэдакъэщIэкIхэмкIэ къызэрагъэлъэгъуэжыным. Абыхэм дунейм къытрагъэхьэ тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и дахагъэхэм фIыуэ хэзымыщIыкIхэр къыдегъэхьэхынымкIэ щхьэпэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Дэ сыт и лъэныкъуэкIи дыхущIэкъупхъэщ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я блогерхэр зэрыгъэцIыхуным, ахэр ныбжьэгъу зэхуэщIыным.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъахэм ящыщщ Дагъыстэн Республикэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министр Аджиев Азнаур.

- Интернетыр ди гъащIэм быдэу къыхыхьащ, - жиIащ абы. - Зи лэжьыгъэм хуэIэижь блогерхэм ягъэхьэзыр напэкIуэцIхэм еджэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ УФ-м и къалэшхуэхэм къыщыдэкI газетхэм щыгъуазэ захуэзыщIхэм нэхърэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дауи, фIыщIэ яхуэфащэщ гъуэгуанэу дызытетам къыщыддэзыкIухьа блогерхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрми, зэрыщыту къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэми цIыхухэр дахэ-дахэу зыщымыгъуазэ щIыпIэ телъыджэхэр зэрыщыIэм и гугъу ищIащ КъБР-м спортымкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн.

- Дэ къыдгурыIуэ ди инфраструктурэм зедгъэужьын зэрыхуейр, - жиIащ абы. - Абы къыдэкIуэу, сыхуейт къыхэзгъэщыну Iуащхьэмахуэ и дыгъэмыхъуэ, и ищхъэрэ лъэныкъуэм кIэрылъ мыл абрагъуэм хуагъэдэн дунейм псом зэрыщымыIэр. Абдежыр Балъкъ и псыхъуащхьэхэм загъэпсэхуну дэкIуей цIыхухэр лыжэкIэ къызэжэх хъуну щIыпIэ телъыджэщ. Сэ къызолъытэ зи гугъу тщIы Iэшэлъашэм Кавказ Ищхъэрэм и «Клондайк»-кIи деджэ хъуну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным зэран хуэхъу Iуэхугъуэхэми.

- Кавказыр дуней псом и адрей щIыпIэ нэхъ телъыджэхэм зэрефIэкIыжым шэч хэлъкъым, - жиIащ альпинист цIэрыIуэ, зи ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэха Душарин Иван. - Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хуэфащэ гулъытэ зымыгъуэтхэм ар ящыщщ. ЩIыпаплъэу къакIуэхэр Iузыгъэщт Iуэхугъуэхэри зэрыдгъэмэщIэным дызэдегугъупхъэщ. Псалъэм папщIэ, Кавказ шытхыжьым цIыхухэр гъунэгъуу езымыгъэкIуалIэ гъунапкъэхъумэхэм туристхэм хуаIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зегъэхъуэжын хуейщ. Апхуэдэу, лъэсу къэзыкIухь зыгъэпсэхуакIуэхэр къыздэщыувыIэ хъун унэ цIыкIухэр къуршхэм адэкIэ-мыдэкIэ щыухуапхъэщ, къухьэпIэ къэралхэу Италием, Швейцарием, Франджым узэрыщрихьэлIэм хуэдэу. Мыдрейуэ сэ къызолъытэ, Абхъазми, Куржыми зэгурыIуэныгъэ ещIылIауэ, совет лъэхъэнэм зэрыщытам хуэдэу, Кавказ Ищхъэрэм икIыу тенджыз ФIыцIэм хуэзышэ лъагъуэхэри къэгъэщIэрэщIэжыпхъэу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ*.

● Лъэпкъ Iуэху

Щхьэегъэзыпlэ ягъуэт

Сирием къыщыхъуа гузэвэгъуэм я щхьэр къыхахыу хэкум къекIуэлIэжа ди лъэпкъэгъухэм щхьэегъэзыпIэ ягъуэтащ. Нэхъапэкlэ ди газетеджэхэр щыгъуазэ фызэрыхуэтщIащи, ахэр щыпсэуну куейхэр пхъэидзэкIэ къыхрагъэхащ, сом мин щитху-щитху иратри, унэхэр къащэхуащ, я жьэгу мафIэ зэщIагъэстыжауэ мэпсэу.

ЛЭСКЭН куейм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бажэ Дотий дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, Ерокъуэ, Анзорей, Лэскэн ЕтIуанэ къуажэхэм Сирием къиIэпхъукIыжауэ унагъуипщI щопсэу. Абыхэм ящыщу школ, сабий гъасапIэ кIуэн зиIэхэр зэхагъэкIри, щIагъэтIысхьащ. ЦIыху 32-м щыщу 17-р лэжьыгъэншэщи, абыхэм я Iуэхури нэхъ псынщIэу зэрагъэкIуэтэным яужь итщ. Дотий зэрыжиIэмкIэ, абы унагъуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщигъэгъуэзащ, зыхуей щыIэмэ зыкъыхуагъэзэнуи яжриIащ.

Хамэ къэрал щыпсэуахэр нэхъ щIэхыу къытхэсыхьыжынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэхэр зыдэтIысхьа жылэхэм щагъуэт гулъытэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Уасэхэм кIэлъоплъ

Налшык къалэ администрацэм къызэригъэпэщащ ерыскъыхэкIымкIэ сату щIапIэхэмрэ бэзэрхэмрэ уасэ екIуэрабгъу щызекIуэным кIэлъыплъыну оперативнэ штаб.

ЩIЫПIЭ администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Тонконог Анатолий зи Iэтащхьэу щытыну мы лэжьакIуэ органым и къалэн нэхъыщхьэр ди республикэм ерыскъыхэкIхэм я уасэр щэхуакIуэхэм къатехьэлъэн хуэдэу дэмыгъэуеинырщ. Штабым и лэжьакIуэхэр ткIийуэ кIэлъыплъынущ зи гугъу тщIа щIыпIэхэм нобэкIэ щызекIуэ уасэхэм ягъуэт зэхъуэкIыныгъэ мащIэми. Псом я щхьэр, гъащIэм къытхуихьа гугъуехь щхьэхуэхэр къэзыгъэсэбэпыну хущIэкъу сатуущIэ щхьэхуещэхэм ирамыгъэлеинырщ.

● Узыншагъэ

«Эбола» узыфэм хуосакъ

Мы зэманым дуней псор зыгъэгулэз «Эбола» узыфэ шынагъуэм топсэлъыхь «Роспотребнадзор»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм эпидемие кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ къудамэм и унафэщI ХьэцIыкIу Мадинэ:

- КЪЭРАЛ гъунапкъэр зэпызыупщIын хуей пассажирхэр щызэблэкIыу Налшык и аэропортым иIэ пунктым махуэ къэс кIэлъыплъыныгъэ ткIийм щIэту щрагъэкIуэкI къабзагъэ-карантин хабзэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псори. Зы дакъикъэ теплъэкъукIыркъым хамэ къэралхэм кIуэ кхъухьлъатэхэми. КъимыдэкIэ, шынагъуэхэр нэхъ IэщIыб уегъэщI а узыфэр щыпэкIу Къухьэпlэ Африкэм пыщIэныгъэ ди авиалинэхэм зэрыхуамыIэм. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIи къэмынэу, кхъухьлъатэ экипажхэми, ди республикэм щылажьэ турагентствэхэми псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкIуэкIащи, ахэри мэсакъ.

Iуэхум и щытыкIэр зэрыгугъур гурагъэIуащ Сауд Хьэрыпым хьэжыщI кIуа ди цIыхухэми. Мы зэманым абыхэм гуп-гупурэ къагъэзэж. НадзорымкIэ федеральнэ къулыкъум и унафэкIэ, ди щIыпIэ къихьэжхэм псом япэрауэ я узыншагъэр къапщытэ икIи махуэ 21-кIэ апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэхэр драгъэкIуэкIынущ. А пIалъэм кърыубыдэу дохутырхэм Iэмал ягъуэтынущ, эпидемиер зыгуэркIэ зыжьыхэуа къахэкIмэ, зэгъэтIылъэкIыпIэ зимыIэ медицинэ Iэхутхьэбзэхэр хуащIэну.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Электросетхэр

СыткIи хуэхьэзырт

Жэпуэгъуэм и 19-м зэуэзэпсу къыкъуэуа мыгъэрей япэ уэсым Налшык къалэм и электросеть хозяйствэр хъарзынэу пэлъэщащ. «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэ Гергоков Хьэдис зэрыжиIамкIэ, предприятэм и диспетчер IэнатIэр абы сыткIи хуэхьэзырт, ауэ жэщмахуэм кърибыдэу къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъуакъым.

АР и фIыгъэщ илъэсым зэрыщIидзэрэ Налшык къалэм и электросетхэр я къалэным зэрегугъум. Мазибгъу кIуам трансформатор подстанц 12-м я хэщIапIэр зэIузэпэщ ящIащ, псори зэхэту киловатт 1250-рэ зи лъэщагъ трансформаторитху, вольт лъагэ, вольт лъахъшэ Iэмэпсымэу 72-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Киловатт 0,4/6-10 зрикIуэ кIапсэхэр зэрышэщIа пкъоужьу 75-рэ, дерт зыгъуэта гъущI траверсуи апхуэдиз, зи пIалъэр икIа изолятору 358-рэ яхъуэжащ. Iумылыр нэхъ зыхуэщ, мэзылъэ, парк щIыпIэхэм хуэзэ къызэрыгуэкI кIапсэхэм я пIэкIэ, апхуэдэу Налшык щаухуэну ток кIуапIэхэм папщIэ, фэ зытелъхэм хуэдэу километр 45-рэ яукъуэдиящ. Псэуалъэхэм къызэрыгуэкIыу падза кIапсэхэр щIыпIи 140-м, киловатт 0,4/-6-м хуэщIа кабелыр метр 800-м щахъуэжащ, ар зэрызэпащIэ, зэрагъэбыдэ муфтэу 324-рэ трагъэуващ.

Электросетхэр щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырын зэрыщIадзэрэ токыр зэрызэблагъэкI, зэрызэхуагъакIуэ щIыкIэр ирагъэфIэкIуащ, ремонт-профилактикэ Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIащ. Къапщтэмэ, вольтышхуэ зыIыгъ уэгу линэхэм зэран хуэхъу жыгхэр километр 20,9-м щаухъуэнщIащ, апхуэдэу фазэ щхьэхуэ ягъэуври, ток лей зрикIуэ кIапсэхэр километр 24,6-м щызэщхьэщахащ.

«Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и пресс-IуэхущIапIэ.

● Тэрч щIыналъэ

IэнатIэхэм къызэрыхагъэхъуэным хущIокъу

Акъбащ Ипщэм и унафэщIхэм зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ къуажэм IэнатIэщIэхэр къыщызэIухауэ цIыху нэхъыбэ лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным.

КЪАПЩТЭМЭ, мы жылагъуэм дэта хьэлвэ заводым иIыгъа щIыпIэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пеплоблокыр къыщыщIагъэкI завод. Абы пщIантIэм гъавэхэкIхэм щелэжьыну зы цехыщIи лажьэу щаутIыпщащ. Иджы иужь ихьауэ IэщышхуэI щагъэшхэну фермэр зэрагъэпэщыж.

Къуажэм зыхуей хуагъэзэну хунэмысауэ иджыри дэтщ щIэп заводым и псэуалъэхэмрэ «Дружба» трикотаж комбинатым и къудамэу щытамрэ. Ахэр зыхуей хуэзэу ремонт ящIу, зэман и пэкIэ къыщрахьэлIа лэжьыгъэр зэфIагъэувэжыну е нэгъуэщI унэтIыныгъэ зиIэ IуэхущIапIэ къыщызэIуахыну я мурадщ.

Къуажэдэсхэр иджыпстукIэ йолэжь джэдкъаз, Iэщышхуэ гъэхъуным, хуабэщхэм хадэхэкIхэр къыщыгъэкIыным. Къапщтэмэ, илъэс блэкIам унагъуи 5-м уней хуабэщ хозяйствэ къызэрызэIуахын сом мини 100 зырыз иратащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Хъыбар гуапэ

Кучинэ Марие и вагъуэ

Европэм атлетикэ псынщIэмкIэ и ассоциацэм игъэнэIуащ «Golden Tracks» саугъэтым щытекIуахэр. «Вагъуэ къэунэху» унэтIыныгъэм псоми щефIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым атлетикэ псынщIэмкIэ и спортсменкэ, лъагэу дэлъеинымкIэ, цIэрыIуэ Кучинэ Марие.

АТЛЕТИКЭ псынщIэмкIэ спортым щIыхь зиIэ и мастер ди лъахэгъум блэкIа лъэхъэнэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Ар щIымахуэм пэшым щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым щытекIуащ, гъэмахуэм командэ Европэ чемпионатым бжьыпэр щиубыдащ, континент зэхьэзэхуэм дыжьын медаль къыщихьащ, «Бриллиант лигэм» щытекIуащ, щхьэзакъуэ рекорд игъэуващ, къыкIэлъыкIуэу Континентальнэ кубокым лъагапIэ нэхъыщхьэр щызыIэригъэхьащ.

- Сэ сынасыпыфIащ апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ къысхуащIащи. ФIыщIэ яхузощI сэр папщIэ Iэ зыIэтахэм, си ехъулIэныгъэр зыщIэзгуэшыну сыхуей тренер Габрилян Геннадий, - жиIащ Кучинэ Марие саугъэтыр къратэ нэужь.

УЭРДЭ Женя.

● Гъуэгухэр

ЩIыIэ къатемыхъуэу

Шэджэм къалэм сэкъат зиIэ и уэрамхэр еужьэрэкIыу зэрагъэпэщыж.

АПХУЭДЭУ мы махуэхэм къагъэщIэрэщIэжащ Октябрь уэрамым и гъуэгум щыщу километритI. Куэд щIауэ псори гугъу езыгъэхь кумблIэмбхэр, жьы хъуа асфальтыр щIэкIэ щызэхъуэкIын хуей щIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ.

Ремонт ящIащ Ленином и цIэр зезыхьэ уэрамри. Гъуэгум ехьэлIа лэжьыгъэхэр иджыблагъэ къыщрахьэлIащ Нартан, Щхьэлыкъуэ, Лашынкъей, Шэджэм жылагъуэхэм. Дунейр щIыIэ къэмыхъу щIыкIэ гъуэгуухуэхэм я къалэныр къызэрырахьэлIам къуажэдэсхэр щогугъыфыкI.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 23, махуэку

●ДыщэкIхэмрэ налмэсым елэжь промышленностым и лэжьакIуэхэмрэ я махуэр щагъэлъапIэ Якутие (Саха) Республикэм.

●**Рекламэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

●1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм инджылызхэм къыщагъэсэбэпат зи калибрыр мм 457-рэ хъу топ. Абы тонни 127-рэ и хьэлъагът.

●Дохутыр Уэстеби Стивен (Инджылыз) цIыхугум и пIэкIэ токкIэ лажьэ гу 1995 гъэм япэу къигъэсэбэпащ.

●Итальян сабий тхакIуэ цIэрыIуэ **Родари Джанни** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 24, мэрем

●**Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и махуэщ**. 1945 гъэм абы и Уставыр къащтащ.

●**Iэщэхэр гъэмэщIэным и тхьэмахуэщ**. 1948 гъэм къыщыщIэдзауэ ирагъэкIуэкI ООН-м къищта унафэм ипкъ иткIэ.

●**Зыужьыныгъэм теухуа хъыбархэм я дунейпсо махуэщ**

●1921 - 1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик **Къалмыкъ БетIал** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

●Адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд** къыщалъхуа махуэщ.

●ПшахъуэкIэ сурэт щIыным хуэIэкIуэлъакIуэ, дунейпсо зэпеуэ зыбжанэм щытекIуа **ГъукIэпщокъуэ Щауэмыр** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэр и гъуэлъыпIэ икIмэ, дыгъужьым ехь.

Фыдогъэблагъэ! ● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион. «Ипщэ» гуп
ЕпщыкIуплIанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Алания» (Владикавказ)
Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 25. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Хуэди 8-м щхьэдэх хъунукъым

● Улахуэ

Къэрал, муниципальнэ Іэухущіапіэхэм я унафэщіхэм, абы-хэм я къуэдзэхэм, бухгалтер нэхъыщхьэхэм я улахуэхэр дэпэкІэ хабзэщІэхэм тету ягъэувынущ. Щхьэтечу жыпІэмэ, федеральнэ Іэухущіапіэхэм унафэщіхэм я улахуэхэр лэжьакІуэ къыззыгугъэІхэм яйм хуэди 8-кІэ фІэкІа нэхъыбэн хуейкъым.

ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ социальнэ къыщыхьэщыжьынысгъэмкІэ министерствэм игъэхьэзыращ Гъэжьыгъэ кодексым халхьэну зэхъуэкІынысгъэхэр, апхуэдэу правительствэм къыщітэну унафэм и проектыр. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ федеральнэ унитар Іэухущіапіэхэм я унафэщіхэмрэ лэжьакІуэ къыззыгугъэІхэмрэ я улахуэхэр зэрызэщхьэщыкІыр нэхъыбэ дыдэу зыхуэдизыр правительствэм зэригъэзыр. Щіыналъэ Іэухущіапіэу щытмэ, ар зыуб-зыхур УФ-м и щіыналъэм и администрацэрщ, муниципальнэ Іэухущіапіэмэ - щыпІэ самоуправленэм и органыр.

Правительствэм къыщітэну унафэм и проектым егъэбелджылы федеральнэ къэрал Іэухущіапіэхэм я унафэщіхэм я улахуэхэр зэрагъэувыну щыкІэр. Ар елъытауэ щытынущ Іэухущіапіэм и гугъуагъэм, и инагъым, иІэ мыхьэнэм. Апхуэдэуи улахуэ щыхуагъэувкІэ абы и къуэдзэхэмрэ бухгалтер нэхъыщхьэмрэ кьалэжьыр зыхуэдизыр хагъэхьэрэкъым.

«Унафэщіым и улахуэр зыхуэдизыр къыщабжкІэ, абы къыщалъытэ саугъэты, компенсацэу, нэгъуэщІу къыІэрыхьэ ахъшэ псори», - жиІащ Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщыхьэщыжьынысгъэмкІэ министерствэм и Іэщіагъэлі Горбарец Сергей.

ГРИЦУК Марие. *«Российская газета»*

● Ди псэлъэгъуэхэр

Дэ дыхапІытІэфынукъым!

«Хэкур фІыуэ илъагъуным цІыхур хуэбгъэсэн папщІэ абы псом япэу илъагъун хуейщ а и Хэкум езым гулъытэ къыззрыхуищІыр», - жеІэ Театр ЦІыкІум и художественнэ унафэщІ, актер, режиссёр, педагог Соломин Юрий.

- Юрий, уи гум щІыхьэркъэ къэхъухэр? Уэ илъэс куэд хъуауэ дыхуоущий гуапагъэм, цІыхугъэм, гущІэгъэм. Арщхьэкіэ нэхъапэми хуэдэу, цІыхухэр иджыри зэроукІ...

- Дунейм щекІуэкІ Іуэхуэра зи гугъу пщІыр? Пэжщ, ахэр узыгъэгузэсщ! Си щхьэгъэсэм зыкъом щІауэ телевизорым сыкъыІуехуж, мис а екІуэкІэхэр симыгъэлъагъуну. Ауэ иужькІэ дызэбгъэдэтІысхьэри, хъыбарыщІэхэм доплъ.

Сэ къызгурымыІуэр зыщ: цІыхур цІыхум цІыху хуэдэу зэрыхуцымытырщ. Сэ фІыуэ сольагъу псэуцщхьэхэр. Пэжщ, ахэр зофыщІагъэ, уахэІэбэмэ, мы плъагъум хуэдэ гуэр кьуащІэнущ (и зы Іэм дыркъуэшхуэ тельщ - *Ред.*). Си хьитІым «къызжаІауэ» аращ: «УкъытхэмыІэбэ!» Зэрышхти, зэкІэрысчыну яужь ситауэ арат. Сэ сымаджэщым мазэкІэ сыщІэлъащ.

Иджы лъы уэру ягъэжащ. Ауэ зыми и мурадкъым къэувыІэну. ХъыбарыщІэхэм щыслъагъуэхэм сэ сагъагъ, ар сыбзыщІыркъым. Зы лІыжь гуэр абыхэм щысльэгъуащ. И ныбжьыр илъэс 80-м нэблагъэгъэнт сэ схуэдэу - апхуэдэу щыщыткІэ, Хэку зауэшхуэр фІыуэ ищІэжыр. ЖысІэнэращи, и нэгъуджэхэмрэ щыгъэн щІагъэщІэлъымрэ фІэкІа къыхуэнэжатэкъым - и унэр бомбэм ирихат... Зыт жиІэфыр: «Сэ къызгурыІуэркъым!»

- Зыгуэрым жиІэн хуейкъэ «ФІыуэ»!

- Ар нэхъ яхуэзфІэкІыну къыщІэкІынущ цІыхубзхэм: анэшхуэхэм, анэхэм! Апхуэдэуэрэ екІуэкІмэ, абыхэм затынкъым. Езыхэм я бынхэм папщІэ хэти ятхъэлэнущ. Аращ зэрыщытыпхъэри. Сэри садэІэпыкъунщ! *(мэдыкъэшх).* «Урысхэр хуейщ дищІхэр ттрахыну», - жаІэу, зэрогъэкІий. Дэ зыри дыхуейкъым! Дызыхуейр анэхэр пІейтеиншэу псэунырщ икІи жеиныр щ. Дыгъуасэ партэм къыдэкІа сабийхэр украинэхэм ямыгъэззэуэнырщ.

- АтІэ, сыт Европэ зыкъызыхъым а къуагъэр пасэ дыдэу щІимыгъужьыхьар? Хэбгъэзыхьмэ, абы ар нэхъри зэщІигъэпльащ.

- Сэри абы согупсыс. Европэм мамырыгъэр зэфІигъэувэжьын хуеящ. Абы и пІэкІэ хущІокІу дэ санкцэхэмкІэ дипІытІмэ, Сэ ар сигу ирихырыркъым. Ар делагъэщ! Урысейр къэралышхуэ дыдэщ. Тхьэр дэ къыддоІэпыкъу - щІыналъэшхуэ, псыхэр, тенджызхэр, мэзхэр къыдитащ. ДапІытІыну дэ? Апхуэдэ зэи къэхъуныкъым! Сэ сощІэж Хэку зауэшхуэм и зэманыр хьэлъэу зэрыщытар. Ауэ зыхуэдгъэшчащ. КІэртІоф диІащ. Ар къагъэкІырт зыгъэкІыфми зымыгъэкІыфми. Зы къэп хэтсэмэ, къэттІыжьыр къэп ныкъуэт. ИтІанэ зедгъэсащ! Нэгъуащ! къэралхэм хъращыну мыІэрысэхэр димыІэну араквъэ?! Сло0ж-атІэ? Нэхъапэми димыІэу дыпсэуати, зыри къэхъуакъым.

Аращи, Кьухьэпіэм щыщ «дирижерхэм» захуэзгъэзэну сыхуейщ зы упщІкІэ: Сыт фэ «Фыкъэдаіуэ, ирикъунщ ар!» жыфІэу мис а оркестрым зыщІыхуэвмыгъаззэр? ИкІэм-икІэжьым Минскрэ Брюсселрэ щыхэхуэзахэщ, Іуэхур зэхагъэкІыу щІадзащ: Сыт шэхэр щІэфийр? Хэт а кхъуэлъатэр кьэсуэдыхар? Сэ хуабжьу сыхуейт ар кьэсущІэну.

Пэжщ, дэ иджы СССР-у дыщытыжькъым. Дэ дыхущІэкъужьыркъым дуней псор текІуа пролетариатым и къэрал закъуэ тщІыну. Ди дежи щыІэщ рынок, капитализм, демократие. Ауэ, итІани, ягу кьытхуэзагъэркъым. Сыту пІэрэ дэ къытпахыну зыхуейр?

- ЩІыр трахыну! Абы щыгъуэми зыри жыдамыгъэІэну.

- АтІэ, езыхэми зраущэху! Кьысхуэгъэгъу дапщэщ ЕтІуанэ фронтыр кьыщІэзІуахар? Хэт Польшэмрэ Чехословакиемрэ хуит кьэзыщІыжар? Хэт Болгариер кьезыгъэлар? Чехиемрэ Словакиемрэ я Іэтащхьэхэм ар кьагуроІуэ. Ауэ Болгарием и унафэщІхэр-щэ? ФІыкІытэркъэ, ди къуэшхэ?! Куэдрэ сыщыІащ абы. Толбухин къэлэм спектаклхэр щыгъэуващ. Иджы абы и цІэр зэрахъуэжащ. Хэт Алешэ и фэеплъыр зэран зыхуэхъуар? Тхыдэр аргуэру фигу къэдгъэкІыжьын хуей? Сыт хуэдэу фыщыта фэ илъэсищэ, илъэс щитІ ипэкІэ? Хэт фэ къывдэІэпыкъуар?

Элитэр – ар хэт?

- Сезоныр къыщыщІэуахым уэ жыпІащ Театр ЦІыкІум щагъэлъагъуэр классикэр арауэ - Толстой, Островский, Чехов... Ахэращ зыхуахьынур зымыщІэ урысыпсэр зыуэщІар. Псоми щыІэхъыхьэж мы зэманым хэт урысыпсэр зыпсыхьыр?

- Псэм зрагъэужьэ сабий садми, унагъэми. Ауэ псом япэ итыр школыращ. Сэ япэ классым сыщІэтІысхьащ 1943 гъэм. Щымахуэт, зауэт... Сыт хуэдэ пщэдджжьышхэ? Удэхэм къыщІагъэвыкІа шей. ЩІакъхъуэ тІэкІу. Ауэ школым жьыуэ хьэкум мафІэ щращІэрт. ЕтІуанэ урокым иужькІэ ди егъэджакІуэ цІыхубзым мис апхуэдэ удэ дыдэхэм шей къыщІигъэвыкІырти, фошыгъу мащІэ хэдзауэ къыдитырт. Бжэр къыІуихрти, дежурнэм дэлэнхэр къыщІихьэрт. Дэлъар сщІэжыркъым, ауэ дэ къытщыхьурт абыхэм нэхърэ нэхъ Іэфі дунейм темыту! Ахэр тшхырт, шей дыдеІубу. АпщІондэхукІэ егъэджакІуэм дымыщІэ куэд къыхтхуИутэрт. Мис ар гъэсэныгъэт! Мис ар гупытэт!

Хэкур фІыуэ илъагъуным цІыхур хуэбгъэсэн папщІэ абы псом япэу илъагъун хуейщ а и Хэкум езым гулъытэ къыззрыхуищІыр. Иджы зэхьэзох пщІэ зыщІат егъэджэнымгъэ, еджапІэ хэІэтыкІахэр псалъэзэр. Сэ къызрыІуэркъым еджакІуэ хэІэтыкІахэр зищІысыр. Хьэ е шы лъэпкъыфІэхэр зэрыщыІэм сыщыгъуазэщ. Ауэ цІыху хэІэтыкІахэр зищІысыр сщІэркъым. ЕджакІуэ акъылыфІэм и пІэ мыльку зыбгъэдэлъым и быныр зэрырагъэувэр мыхъумыщІагъэ дыдэщ. Абы жылагъуэр егъэгубжь. Аращи, нэхъыбэм гуэзрыдзэ ящІ.

Островскэм зэгуэр жиІащ: «Театрыншэмэ, лъэпкъыр лъэпкъым». Абы зезгъэщхьу жысІэнщ: «Щэнхабзэ зимыІэр лъэпкъкъым». Школ программэм урысыбзэмрэ литературэмрэ щыхуахаха сыхьэтхэр бгъэмащІэ хьурэт? Иджы зыкъащІэжащ: сочиненэр экзаменхэм хагъэхьащ. Ауэ беларусы хъуащ ЕГЭ-м елІэлІэку еджакІуэхэм я гупсысэхэр тхыгъэкІэ кьаІуэтэным зэрыщыужар. Иджы зыгуэркъэ зэрагъэзэхуэжьну хущІокъу. Ар къеззгъыркъым. Къэуву, «Къытхуэвгъэгу, дыщыауащ» - жаІэу щхьэ замыумысыжьрэ? ЕГЭ-р Іэщыбі ящІыжу лІэщыгъуэкІэрэ дызытета хабзэм щхьэ дыхуамыгъэкІуэжрэ? ИтІанэ я блэкІар ящІэжынут. Ар щамыщІэжым и дежь нобэ дыззэрыхута щытыкІэм доувэ.

ШИГАРЕВЭ Юлие. *«Аргументым и факты»*

● Футбол

«Кэнжэр» чемпионщ

Зэхъэзэхуэр иухыным иджыри зы джэгуГуэу иІэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2014 гъэм и чемпионыр наІуэ хъуащ. Ар «Кэнжэ» командэращ.

ЗЫкЪОМ лъандэрэ зыщІэхъуэпса дыщэ медалэр зыІэрагъэхьэн папщІэ кэнжэдзэхэм къаХуэнэжыр Нарткъалэ икІа «Нартыр» хагъэщІэныр, зэхъэзэхуэм хэкІыжа «Анзорейм» Іумыщіэххэу иужьрей джэгуГуэум очкоищ зэрыхуатхынур кьэпІытэмэ. Ар абыхэм фІы дыдэу тхъэмахуэ кІуам къайхъулІащ. Хьэбылэ Алимрэ Нартыжь Елдаррэ дагъэкІа топ щырыщым Балэ Русланрэ Тэтэр Исмелрэ тІурытІ щІагъужри, бжьыгъэшхуэ дыдэкІэ, 10:2-уэ, хэгъэрейхэр трагъэкІуащ икІи республикэм и чемпион цІэр кьыхуахьащ. Нэхущ Къазбэч эи тренер нэхъыщхьэ «Кэнжэ» командэм ар мы гъэм и етІуанэ екъылІэныгъэ инщ. Мазэрэ ныкъуэрэ ипэкІэ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр зыІэригъэхьащ, Налшык и «Спартак» стадионым щекІуэкІа финалым «Къэхъуныр» 2:1-уэ щыхигъащІэри.

Зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр щиубыдащ Бахьсэн и «Автозапчасть»-м. Абы и гъуащхьауэ Кьалмыкъ Амур иужьрей зэІущІэм «Іэдийхум» топищ щыхудигъэкІри, республикэм и рекорд игъэуващ. Ар мы гъэм 56-рэ къыхэжаныкІащ. Нэхъапэм гъащхьауэ нэхъ Іэзэ дыдэу щытар 2012 гъэм топ 55-рэ дзэзыгъэкІа «Къэхъуным» щыдэжгу ШащІэ Бесльэнщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2014 гъэм щекІуэкІ зэхъэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэхэр зыІыпсынухэр зэхэкІами, етІанэгъэ ар зрагъэбгынэну псори наІуэ хъуакъым. Пасэу зэпеуэм хэкІыжа «Анзорейм»рэ «Прохладнэмрэ» гъусэ зыхуащІыну зыри хуейкъым. Арщхьэкіэ ар кьапэщІыльщ «Шэджэм-2», «Шагъдий», «Іэдийх», «Бахьсэн» командэхэм языкэзым. Іуэхур наІуэ зыщІынур дызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ зэхэтыну зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгуГуэрщ. Лей хъуну зэкІэ нэхъ пэгъунэгъущ очко бжьыгъэ афІэкІыщэдахэмкІэ адрей и хьэрхуэрэгъуэм къакІэрыху «Шэджэм-2»-р. Абы щыгъэзэни куэд елъытауэ къыщІэкІынущ Зеикъуэ къуажэм щыззэхуэзэну «Шагъдиймрэ» «Бахьсэнымрэ» я зэІущІэм къыкІуэнум.

Адэкіэ щыгъазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым хэт командэхэм иужьу ирагъэкІуэкІа джэгуГуэрэм кърикІуэ бжьыгъэхэм: **«Къэхъун»** (Къэхъун) – **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **7:4**, **«Спартак-Д»** (Налшык) – **«Анзорей»** (Анзорей) - **3:0** (зэрымыкІуам къыхэкІыу), **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:3**, **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **«Іэдийх»** (Іэдийх) - **6:1**, **«Союз»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **0:3**, **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **0:3** (прохладнэдэхэр зэрымыджэгужьым къыхэкІыу), **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:3**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **10:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Кэнжэ»	31	28	1	2	114-31	85
2.	«Автозапчасть»	31	27	2	2	131-40	83
3.	«Къэхъун»	31	21	1	9	123-59	64
4.	«Тэрч»	29	18	3	8	78-54	57
5.	«Союз»	31	15	3	13	103-77	48
6.	«Велес»	30	14	6	10	64-67	48
7.	«Нарт»	31	14	6	11	95-83	48
8.	«ЛогоВАЗ»	31	14	3	14	67-68	45
9.	«Спартак-Д»	31	12	3	16	75-70	39
10.	«Къэбэрдей»	31	10	5	16	63-72	35
11.	«Шагъдий»	31	9	6	16	53-73	33
12.	«Шэджэм-2»	31	9	5	17	53-101	32
13.	«Бахьсэн»	30	10	1	19	63-80	31
14.	«Іэдийх»	30	9	3	18	59-108	30
15.	«Прохладнэ»	31	6	3	22	50-127	21
16.	«Анзорей»	31	4	1	26	41-112	13

● Лэжьэгъуэ зэман

Махуиплі, хьэмэ махуитху?

ЛэжьыгъэмкІэ къэрал зэхуаку зэгухьэныгъэм епІэщІэкІыу жиІащ махуилІ лэжьэгъуэ зэманым хуэкІуэным Урысейр зэрыхуэхьэзырым теухуауэ езым зы хьыбар гуэри кьыбгъэдэмыкІауэ. Арщхьэкіэ абы теухуа псалъэмакъыр ди деж махуэ зыбжанэкІэ щыужьыкаХьащ.

«АПХУЭДЭУ хьункІэ хьуну ди Іэщіагъэлъхэм хуагъэфащэ къудейці», - къыщыжраІащ «РГ»-м зэгухьэныгъэм и Іуэхущіапіэм. Арщхьэкіэ Москва и Профсоюзхэм я федерацэм кьихутащ зэупщІахэм я процент 60-м нэсым езыхэм я щхьэ Іуэхуэхэм зэремым пэрыхьэну зэрамыжагъуэр. Адрейхэр мэшынэ я лэжьапщІэм кІэрыкункІэ е экономикэм и зыужьыныгъэр къызэтеувыІэнкІэ. Ауэ цІыхухэм лэжьапІэ езытхэм процент тІощІи кьахэкІакъым къагъэльэгуа зэрэдэмыш и телъхьэу.

Ар диІыгъакъым вице-премьер Голодец Ольги. «Дэ ар нобэ тхузэфІэкІынукъым, - жиІащ абы. - Къэрал куэд щыІэкъым апхуэдэр зригъэхьулІэфыну. Зэкіэ ар дызыІэмыІэс хъуэпсапІэ къудейщ».

ХьэрычэтщІэхэм къалъытэу къыщІэкІынущ, уеблэмэ ущІэхъуэпсынри къемыІэзгъыу . «Лэжьэгъуэ махуилІым уухэкІуэным кьикІыр бизнесыр букІынырщ. Псом хуэмыдэу курыт хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэр», - къогубжь «Іуэху зезыхьэ Урысейм» и Совет нэхъыщхьэм хэт Степанов Антон.

Абы къеІуатэ и Іуэху епльакІэр: «Лэжьэгъуэ махуэхэр гъэмэщІэным и телъхьэжэм жаІэ апхуэдэу ящІмэ, лэжьаніэ Іэнатіэжэм къажэхуэну - зым и пІэкІэ цІыхуитІ лэжьэфынущ, зыззрахъуэжІыуэрэ. Ауэ фэ фщІэрэ етІуанэ сменэ зэтебгъхуэныр зэрыгугъу дыдэр, абы ахъшэшхуи зэрытекІуэдэнур? Лэжьыгъэм къуит хьэрыр процентти 3-4-кІэ, хэрэлым и ВВП-р процент 1-1,5-кІэ ехуэхьнущ».

- Мы зэманым, - къыпещэ Степановым, - урысей хьэрычэтыщІэхэр езыхэр зэпэщІэтэкъым, ахэр зыпеуэр нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэрщ. Аращи, продукцэ къэзылэжь Іэнатіэм (сатурКъым икІи банкхэркъым) хэхъуэу къыІэрыхьэр процентти 10-м нэблагъэ къудейщ. Китайхэр лэжьэгъуэ махуиблым мыгувэу хуэкІуэнкІэ хъунущ. ИтІанэ ди рынокыр Китай, Индие, Кореи эхпшыпхэм яуфэбгъынуц.

Ар идэркъым Москва и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Чернов Сергей: «Зызыужьа къэралхэм я щапхъэр-щэ? Абыхэм я нэхъыбэм лэжьэгъэ тхъэмахуэ зэхуакум и кІыхьагъым зэпымыуэнэ щыкІэрэ, США-м ар зэрыщыхъур сыжьэт 33-рэщ, Скандинавием и къэралхэм сыхьэт 31-35-рэщ. Щынэхъ кІэщІ дыдэр Нидерландэхэрщ (сыхьэт 27-рэ)».

Арщхьэкіэ зэупщІа урысей ІэщіагъэлІхэм зэуэ пагъэщхъ: дэ дызыщыпсэур лэжьыгъэм къыт хьэрыр щыин США-ркъым икІи Нидерландэхэркъым. Абыхэм дальэщІыхьэн папщІэ зэмани ахъши дыхуейщ.

«Российская газета».

Планэгъэ зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Нэмыс

И адэм зэран хуэмыхъун папщІэ...

Брянск областым и губернаторым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Богомаз Александр и къуэш, илъэс 27-рэ зи ныбжь, езыр щалъхуа Стародуб районым и администрацэм и Іэтащхьэ Михаил и къуалкъэм текІащ, лейуэ зыкъыщІигъакъуэ хуэдэу и адэр ямыгъэкъуэншэн папщІэ.

ПРЕЗИДЕНТЫМ и унафэкІэ Богомаз Александр губернаторым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэу зегъэуващ фокІадэм и 9-м. И къуэ Михаил районым и Іэтащхьэ хъуащ фокІадэм и 30-м - абы и телъхьэу Іэ яІэтащ (щэхуу) щІыпІэ Советым и депутат 20-ми.

И къулькъум пэрыува иужь, Богомаз Александр жиІащ къыдэлажьэхэм езым и Іыхьлыи и цІыхугъи зэрахэмытынур. Арщхьэкіэ Михаил зэрыхахар наІуэ зэрыхъуу, нэщІыбагъкІэ ягъэхъыбару щІадзащ адэр и къуэм дэІэпыкъуауэ. Районым и Іэтащхьэу Михаил зэрыщытар тхъэмахуэ зэхуаку къудейщ. ИтІанэ мурад ищІащ и къулькъум текІыным и мызакъуэу, район Советым и депутатым и мандатри игъэтІылъыну. «Сэ депутатхэм фІыщІэ яхуэощІ я дзыхь кьызэрызагъэзам папщІэ. Ауэ хьэкъ сщыхъуащ районым и Іэтащхьэм и къалэнхэр нэсу зэрысхуэмыгъэзэщІэнур», - къагурагъэІуащ абы Іуэхур зыІутыр. Щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ жиІащ и унагъуэм и бизнесыр кІэртІоф гъэкІыным (ар икъуэкІэ зэпэщщ) Іэщ Іыб ищІыну зэрыхуэмейр... Ауэ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэри щыІэщ: «Къызолъытэ си адэр областым и губернаторым и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзащІэу Іуэхур зэхагъэкІыу щІадзащ: Сыт шэхэр щІэфийр? Хэт а кхъуэлъатэр кьэсуэдыхар? Сэ хуабжьу сыхуейт ар кьэсущІэну.

Пэжщ, дэ иджы СССР-у дыщытыжькъым. Дэ дыхущІэкъужьыркъым дуней псор текІуа пролетариатым и къэрал закъуэ тщІыну. Ди дежи щыІэщ рынок, капитализм, демократие. Ауэ, итІани, ягу кьытхуэзагъэркъым. Сыту пІэрэ дэ къытпахыну зыхуейр?

- ЩІыр трахыну! Абы щыгъуэми зыри жыдамыгъэІэну.

- АтІэ, езыхэми зраущэху! Кьысхуэгъэгъу дапщэщ ЕтІуанэ фронтыр къыщІэзІуахар? Хэт Польшэмрэ Чехословакиемрэ хуит кьэзыщІыжар? Хэт Болгариер кьезыгъэлар? Чехиемрэ Словакиемрэ я Іэтащхьэхэм ар кьагуроІуэ. Ауэ Болгарием и унафэщІхэр-щэ? ФІыкІытэркъэ, ди къуэшхэ?! Куэдрэ сыщыІащ абы. Толбухин къэлэм спектаклхэр щыгъэуващ. Иджы абы и цІэр зэрахъуэжащ. Хэт Алешэ и фэеплъыр зэран зыхуэхъуар? Тхыдэр аргуэру фигу къэдгъэкІыжьын хуей? Сыт хуэдэу фыщыта фэ илъэсищэ, илъэс щитІ ипэкІэ? Хэт фэ къывдэІэпыкъуар?

Элитэр – ар хэт?

- Сезоныр къыщыщІэуахым уэ жыпІащ Театр ЦІыкІум щагъэлъагъуэр классикэр арауэ - Толстой, Островский, Чехов... Ахэращ зыхуахьынур зымыщІэ урысыпсэр зыуэщІар. Псоми щыІэхъыхьэж мы зэманым хэт урысыпсэр зыпсыхьыр?

- Псэм зрагъэужьэ сабий садми, унагъэми. Ауэ псом япэ итыр школыращ. Сэ япэ классым сыщІэтІысхьащ 1943 гъэм. Щымахуэт, зауэт... Сыт хуэдэ пщэдджжьышхэ? Удэхэм къыщІагъэвыкІа шей. ЩІакъхъуэ тІэкІу. Ауэ школым жьыуэ хьэкум мафІэ щращІэрт. ЕтІуанэ урокым иужькІэ ди егъэджакІуэ цІыхубзым мис апхуэдэ удэ дыдэхэм шей къыщІигъэвыкІырти, фошыгъу мащІэ хэдзауэ къыдитырт. Бжэр къыІуихрти, дежурнэм дэлэнхэр къыщІихьэрт. Дэлъар сщІэжыркъым, ауэ дэ къытщыхьурт абыхэм нэхърэ нэхъ Іэфі дунейм темыту! Ахэр тшхырт, шей дыдеІубу. АпщІондэхукІэ егъэджакІуэм дымыщІэ куэд къыхтхуИутэрт. Мис ар гъэсэныгъэт! Мис ар гупытэт!

Хэкур фІыуэ илъагъуным цІыхур хуэбгъэсэн папщІэ абы псом япэу илъагъун хуейщ а и Хэкум езым гулъытэ къыззрыхуищІыр. Иджы зэхьэзох пщІэ зыщІат егъэджэнымгъэ, еджапІэ хэІэтыкІахэр псалъэзэр. Сэ къызрыІуэркъым еджакІуэ хэІэтыкІахэр зищІысыр. Хьэ е шы лъэпкъыфІэхэр зэрыщыІэм сыщыгъуазэщ. Ауэ цІыху хэІэтыкІахэр зищІысыр сщІэркъым. ЕджакІуэ акъылыфІэм и пІэ мыльку зыбгъэдэлъым и быныр зэрырагъэувэр мыхъумыщІагъэ дыдэщ. Абы жылагъуэр егъэгубжь. Аращи, нэхъыбэм гуэзрыдзэ ящІ.

Островскэм зэгуэр жиІащ: «Театрыншэмэ, лъэпкъыр лъэпкъым». Абы зезгъэщхьу жысІэнщ: «Щэнхабзэ зимыІэр лъэпкъкъым». Школ программэм урысыбзэмрэ литературэмрэ щыхуахаха сыхьэтхэр бгъэмащІэ хьурэт? Иджы зыкъащІэжащ: сочиненэр экзаменхэм хагъэхьащ. Ауэ беларусы хъуащ ЕГЭ-м елІэлІэку еджакІуэхэм я гупсысэхэр тхыгъэкІэ кьаІуэтэным зэрыщыужар. Иджы зыгуэркъэ зэрагъэзэхуэжьну хущІокъу. Ар къеззгъыркъым. Къэуву, «Къытхуэвгъэгу, дыщыауащ» - жаІэу щхьэ замыумысыжьрэ? ЕГЭ-р Іэщыбі ящІыжу лІэщыгъуэкІэрэ дызытета хабзэм щхьэ дыхуамыгъэкІуэжрэ? ИтІанэ я блэкІар ящІэжынут. Ар щамыщІэжым и дежь нобэ дыззэрыхута щытыкІэм доувэ.

ШИГАРЕВЭ Юлие. *«Аргументым и факты»*

● Мысыр



Адыгэ мамлюкхэм лІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ тепщэныгъэр щаІыгъа Мысырыр (Египетыр) ноби псынщІэу зызыужь къэралыгъуэщ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ. 2014 гъэ, жэпуэгъуэ мазэ*

● Шэшэн

Дзэм ираджэу щІадзэж

А Іуэхум илъэсипщІкІэ пэплъащ

Иджырей бжьыхьэм дзэм ираджэнущ ныбжьыщІэ мини 155-м нэс. Абыхэм яхэтынущ Шэшэным и цІыху 500-а республикэм и щІалэхэр 2005 гъэ лъандэрэ дзэм ягъакІуэрэтэхьым. ШР-м и военком Джайханов Ахьмэд къелъытэ апхуэдиз пІалъэкІэ шэшэн щІалэхэр Іумпэм эраращар мызахуагъэу.

- Хабзэр псом я дежкІи зыуэ щытыпхъэщ: къыпкъу ищІэн хуейщ дэтхэнэми. Дэ ди ныбжьыщІэ псори хьэзырщ зауэлІ хэкум.

- Псори?

- ГуитІ-щхьитІхэр процент 20-м щІигъункъым. Ауэ процент 40-м я нэ къыхуокІ дзэ къулыкъум. Адрейхэри къыззрымыкІуэсэжьнум шэч хэлъхьым. Ди щІалэ куэдым, Шэшэным икІырти, нэгъуэщІ щІыпІэхэм эращгасатхырт дзэм ираджэн папщІэ.

- АтІэ ираджэрэт?

- Шэч хэмылъу! Дзэ къулыкъум яшэ ди щІалэхэм я процент 35-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ, процент 24-м курыт щІэныгъэ хэха яІэщ, дэтхэнэ еплІанэми автомобиль зэригъэкІуэну хуит зыщІ тхьылым и «С» лІэужьыгъуэр иІыгъщ. Зэкіэ зи кІэн къикІар щІалэ 500-рщ, гъатхэм нэхъыбэкІэ къытхуеину сыщогугъ. Республикэм и цІыху мин 80-м нэблагъэм дзэм къулыкъу щащІэфынуц икІи дэ дыхьэзырщ зыхуэфащ хуэдиз зауэлІ хэкум ептыну.

Шэшэн Республикэм и военкоматым я бжэхэр ныбжьыщІэхэм хуэзІуахащ жэпэгъуэм и 1-м. Ахэр къулыкъу щрахьэкІыну щІыпІэхэм къыщыхутэнущ щэкІуэгъуэ мазэм.

ХОХЛОВ Александр. *«Комсомольская правда»*

Республикэм и участковэ нэхъыфІ Жырыкъ Азэмэт

Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм иригъэкІуэкІ «ЦІыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр иухащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и официальнэ сайтым щекІуэкІа онлайн-ІэІэтым республикэм щыпсэухэм къыщыхахащ зэхьэзэхуэм и кІэух федеральнэ Іыхьэм КъБР-м къыбгъэдэкІыу хэтыну полицэм и участковэ уполномоченнэр. Ар Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и участковэ уполномоченнэ, цІыху 6500-рэ зи телъхьэ Жырыкъ Азэмэтщ.

ІэІэтыр жэпуэгъуэм и 7-16-хэм екІуэкІащ. Абы цІыху мини 10-м щІигъу хэтащ. Зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэм республикэм и пщІэр щахъуэну хущІэкъуащ полицэм и участковэ-уполномоченни 10.

КІэух онлайн-ІэІэтыр щекІуэкІыну «Комсомольская правда» КъыдэзыгъэкІ унэм и **www.kp.ru** сайтым финалым кІуа дэтхэнэми теухуа хъыбар, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм ятеухуа видеопрезентацэхэмрэ сурэт репортажхэмрэ къыщагъэлъагъуэнущ.

Полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыфІыр къыхэхынымкІэ цІыхубэ ІэІэтым 2014 гъэм щрКІуэгъуэм и 5-м щИидэнущ, щиухынур щэкІуэгъуэм и 14-рщ.

* * *

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм и полицэм и участковэ уполномоченнэ лейтенант нэхъыжь Жырыкъ Азэмэт Арсен и къуэр 1986 гъэм мазаем и 14-м республикэм и къалащхьэм къыщалъхуащ.

Дон Іус Ростов дэт Ищщэ федеральнэ университетым и юридическэ факультетыр кьиухащ. Унагъуэщ, хъыджэбз цІыкІу иІэщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм 2010 гъэм лэжьэн щыщІидзащ, 2011 гъэ лъандэрэ полицэм и участковэ уполномоченнэ къулыкъум пэрытщ. Ар щопсэу и нэІэм щІэт (цІыху 2000), къат куэду зэтет унэхэр зыхиубыдэ «Горный» хьэблэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.